



Pou Piblikasyon Imedya: 13/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO RAPLE NOUYOKÈ YO KE 17 MAS SE DAT LIMIT POU APLIKE POU ÈD POU CHOFAJ LA

Fanmi ki Kalifye yo Kapab Resevwa Jiska 626 Dola pou Ede chofe Kay yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo raple Nouyokè ki bezwen èd pou peye fakti chofaj yo pou aplike nan Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP) nan dat vandredi 17 Mas. Anviwon 1.3 milyon fanmi gen tan resevwa èd chofaj pou lakay yo nan sezon ivè sa atravè pwogram nan. Fanmi ki kalifye pou HEAP yo ka resevwa yon benefis regilye pa ane pou jiska 626 dola pandan ivè sa selon revni, kantite moun ki nan kay la ak sous chofaj la.

Gouvènè Cuomo te di: “Home Energy Assistance Program, ede kouvri depans chofaj pou fanmi k ap travay ak granmoun yo sou salè fiks. Nou vle asire ke tout Nouyokè rete cho epi an sekirite pandan mwa ivè ki fè fredy yo, e mwen ankouraje tout moun ki gen bezwen èd pou aplike jodi a.”

Yon fanmi kat moun k ap fè jiska 53,076 dola chak ane oswa 4,423 dola pa mwa, kalifye pou èd la. Tout moun nan New York ka aplike pou HEAP an pèsòn oswa pa imel nan otda.ny.gov/programs/heap. Sila yo k ap kap viv andeyò vil New York ka aplike tou pou yon benefis HEAP nan myBenefits.ny.gov.

Anplis, fanmi yo ka kalifye tou pou yon benefis ijans HEAP si yo gen risk pou chofaj yo kanpe oubyen pran pän gaz. Nenpòt moun ki bezwen asistans ijan ta dwe kontakte depatman sèvis sosyal zòn yo a. Dat limit pou aplike pou èd ijans lan se 31 Mas.

HEAP se yon pwogram ki finanse pa gouvènman federal epi se Biwo Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York (New York State Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) ki sipèvize l.

Delege Biwo Asistans Tanporè ak Andikape a, Samuel D. Roberts te di: “Pandan sezon ivè a ap fini, nou toujou rete anpil jounen ak nwit fredy devan nou. Mwen ankouraje nenpòt moun ki panse yo ka kalifye e ki bezwen èd ak fakti chofaj yo – oswa ki fè fas a yon ijans chofaj – aplike anvan li twò ta.”

Sezon ivè dènnye a, plis pase 1.4 milyon fanmi te resevwa asistans chofaj atravè HEAP. Men yon repatisyon sou kantite fanmi ki te resevwa asistans nan sezon ivè 2015-16 la, e pou sezon 2016-17 la anba a:

| Rejyon | Fanmi nou te sèvi nan ane 2015-16 | Fanmi nou te sèvi nan ane 2016-17* |
|----------------------|--|---|
| Distri Kapital | 65,538 | 60,560 |
| New York Santral | 57,806 | 55,021 |
| Finger Lakes | 86,335 | 82,683 |
| Long Island | 63,759 | 59,595 |
| Mid-Hudson | 97,506 | 93,029 |
| Mohawk Valley | 45,481 | 43,468 |
| Vil New York | 765,002 | 691,562 |
| North Country | 36,283 | 34,131 |
| Southern Tier | 51,623 | 48,678 |
| Rejyon Lwès New York | 134,635 | 126,606 |
| Total | 1,403,968 | 1,295,333 |

*Jiska 24 Fevriye, 2017

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418